

Kushamisa kwesimba reRopafadzo

Richard Brunton



Kushamisa
kwesimba
reRopafadzo

Richard Brunton

Kushamisa kwesimba reRopafadzo
Rakapakurwa na Richard Brunton Ministries
New ZeaNyika

© 2018 Richard Brunton

ISBN 978-0-473-46381-6 (ePUB)

ISBN 978-0-473-46382-3 (Kindle)

ISBN 978-0-473-46383-0 (PDF)

Gadziridzo:

Kutenda kwakatsanangurika kune
Joanne Wiklund and Andrew Killick

Kupakurwa & Nekunyorwa:

Andrew Killick

Castle Publishing Services

www.castlepublishing.co.nz

Mufananidzo na:

Paul Smith

Magwaro kubva

muNew King James Version®.

Copyright © 1982 na Thomas Nelson, Inc.

Kushandiswa nembvumo.

MBVUMO YAKACHENGETWA YOSE

Hapana chikamu chingabikwa zvakare,

kuchengetdzwa, kana kutepfenyurwa

nemhando dzose, magetsi, zvigadzirwa,

dzokororo, kana zvimwe,

pasina mbvumo yakanyorwa kubva kumuridzi.

ZVIRI MUKATI

Shoko Rokutanga	5
Nhungamidzo	9
Chikamu chokutanga: Sei Ropafadzo	13
Maonero	15
Simba Rokutaura Kwedu	19
Kufamba kubva Mukutaura Kwakanaka kuenda kuRopafadzo	22
Ropafadzo yemuKristu?	25
Chikuriri chedu choMweya	28
Chikamu chepiri: Maitirwo Azvo	35
Zvimwe Zvinhu Zvinokosha	37
Ita mutauro wakachena hupenyu hwako	37
Bvunza Mweya Mutsvene zvokutaura	37
Ropafadzo semusiyano kubva kumunamoto	38
Usatonge	39
Ratidziro yemuenzaniso	40
Mamiriro Akasiyana Atingasangane Nawo	42

Ropafadza vanokuvenga nekutuka	42
Ropafadza vanokuvenga nokurwadzisa	43
Ropafadzo avo vakakudenha	46
Ropafadzo, Pane Kuzvituko	49
Kuziva zvakare kuputsa zvituko	49
Kuropafadza muromo	51
Ropafadzo yepfungwa	52
Ropafadzo yemiviri yedu	53
Ropafadza imba yako newanano nevana vako	58
Ropafadzo yababa	65
Ropafadza vamwe nekuisa chiprofiti	69
Ropafadza nzvimbo yako yemushando	70
Kuropafadza dunhu	73
Kuropafadzo nyika	74
Kuropafadza Ishe	76
Shoko rekuguma kubva kumuverengi	77
Zvinoitwa	78
Kuva muKristu	80

SHOKO ROKUTANGA

Ndinokukurudzira kuti uverenge bhuku rino rinova diki neshoko raro rine simba – unozoshvakareurwa!

Yaive nguva yokuti Richard Brunton pamwe neni taive tichidya kudya kwemangwanani apo akagoverana neni zvinhu zvaakange aratidzwa naMwari pamusoro pesimba reropafadzo, zvakare ndakaona kukwanisa kukuru kunobata hupenyu hwevamwe.

Ndakatora bhaisikopo reshoko kuti tigoratidza kukereke yedu pamusangano wevarume. Varume vakange varipo vakona rakanaka zvokuti vakada kuti kereke yose inzwewo. Vanhu vakatanga kuzviita munzvimbo dzose dzehupenyu hwavo zvakare takanzwa mhupuro dzakawanda. Mumwe muzvina akatiudza kuti akabva 'pakushaiwa, kunowana' pasina mavhiki maviri. Vamwe vakatanga kuporeswa pavakatanga kuropafadzwa mumiviri yavo.

Mumwe mukana wekuti shoko rinzwikwe yakatanga kuwanikwa. Ndaifanirwa kutaura pagungano rechii-tiko chikuru (apo vafundisi vemakereke vanouya pamwe chete kuzodzidza nekuvandudzwa) muKenya neUganda. Richard akauya neni kurwendo urwu akadzidzisa pamusoro peropafadzo. Shoko rakabvorera napakati pokushaiwa nemarwadzo. Vanhu vakawanda vaivepo vakanga vasati vamboropafadzwa nemadzibaba avo zvokuti panguva iyo Richard akamira pamungava iwoyo akavaropafa, vazhinji vakachema nokunzwa Mweya yavo yakasunungurwa panguva imwe chete muhupenyu hwavo.

Nokuda kwekuziva kuropafadza zvakabata hupenyu hwangu kusvika panzvimbo yokuti ndinotarira mukana wekuropafadza vamwe 'neshoko zvakare mabasa' – budikidze nezvandinotaura nekuita. Uchafadzwa nebhuku rino, zvakare ukazozviita muhupenyu hwako, zvibereko zvako zvi-chapfachuka nekuyerera muHumambo hwaMwari.

Geoff Wiklund

Geoff Wiklund Ministries,
Chairman, Promise Keepers, New Zealand

Mwari akaropafadza Richard nezaruro yesimba reropafadzo panguva yarinopiwa kune vamwe. Ndinotenda kuti inova zaruro kubva kuna Mwari panguva ino.

Apo Richard inorarama hupenyu hweshoko rake, izvi zvinounza chokwadi chokuti vanhu vanoona.

Izvi zvakatiita kuti tidane Richard kuzotaura pamusanganano wevarume Vanochengeta Vimbiso. Zvakava nesimba nokushandura hupenyu wavazhinji.

‘Ropafadzo’ wakava musoro wenyaya wakabata moyo wevarume vechiitiko Chokuchengeta Vimbiso. Pakava norudaviro rwakanaka pashoko iri – Ropafadzo, kuchengetewa zvakare simba ‘roku- taura kwakanaka’. Varume vazhinji vakanga vasati vagamuchira ropafadzo kana kupa vamwe. Mushure mokunzwa shoko raRichard, nokuverenga bhuku rino, vakagamuchira ropafadzo ine samba noropafadza vamwe muzita raBaba, nereMwanakomana naMweya Mutsvene.

Ndinokurudzira Richard zvakare bhuku rino resimba

rinoshamisa reropafadzo senzira ine samba yokuratidza Kuzara kwesimba raMwari reRopafadzo mumhuri dzedu, mumatunhu nemunyika medu.

Paul Subritzky

National Director, Promise Keepers, New Zealand

NHUNGAMIDZO

Munhu wese anofadzwa nokunzwa nhau – zvino-fadza kana uriwe uri kudzipakura!

Panguva yandakaona kukosha kwekupa ropafadzo, ndakanzwa sokunge murume uya wemuBhaibheri akaona zvaikosha. Ndakagoverana naMufundisi Geoff Wiklund pfungwa dzangu vakandibvunza kana zvaigona kuti nditaure pamusangano wavarume muna Kukadzi 2015. Vakafadzwa zvikuru zvokuti vakada kuti kereke yose inzwe shoko iroro.

Panguva yandakataura mukereke, Reverend Brian France, veCharisma Kristuian Ministries, zvakare Paul Subritzky, weVachengeti veVimbiso NZ, vakange var-ipo zuva iroro. Izvi zvakaita kuti ndigoverane shoko neveCharisma muNew Zealand zvakare muFiji, nevarume Vechengeto yeVimbiso. Vazhinji vakarib-ata vakatanga kuzviita vakaitirwa zvakakanaka. Vamwe

vakataura kuti vakange vasati vambonzwa maonero akadayi eHumambo hwaMwari.

Hushumiri hweropafadzo zvokuchimbudzika. (Mwari havati here, 'Chipo chemunhu chipavhuriri?) Tave kupendera gore ra2015, Ndakaenda naMufundisi Geoff kuKenya nekuUganda. Akanga achishumira kuzviuru zvavafundisi vakanga vari pamusangano. Chaive chitiko chepagore apo vaiuya vaitsvaga kurudziro nerubatsiro, Geoff akanzwa kuti dzidziso yangu yeropafadzo yaizovabatsira. Kwete vafundisi voga, asi vamwe vatauri kubva America, Australia zvakare South Africa vakanzwa kuti raive shoko rine simba vakakurudzira kuti riende kure.

Ndakanga ndisina mufungo wekuiita intaneti, kana kunyora zvine hudzamu. Shoko reropafadzo raka-reruka – kureruka kuita – zvakare ndaisada kuti rirasike nekuoma – ndicho chikonzero chebhuku rino rakareruka.

Ndakatorwa zvimwe zvinyorwa kubva muna *Simba reRopafadzo* na Kerry Kirkwood, *Nyasha Dzinodururwa: Kuve Vanhu veRopafadzo* na Roy

Dodwin naDave Roberts, *Ropafadzo raBaba* naFrank Hammond, zvakare *NeMunana neSimba reRopafadzo* naMaurice Berquist. Ndakatora nekudzidza kubva kune vamwe vanhu nemabhuku zvakare, zvave kubatana zvino.

Kuona simba reRopafadzo kuchazarura nzira idzva yokurarama kune vose vanogamuchira. Ndinoropafadza vanhu nguva dzose – vatendi nevasingatendi – mekudyira, mumahotera, nemu-migwagwa. Ndakaropafadza nherera, vemumandeghe, muminda, mhuka, zvikwama, mabhindauko, ndakakona varume navakadzi vachichema pachipfuva changu mushure mekunge ndataura Ropafadzo yaBaba pamusoro pavo.

Pakutaura nevasingatendi, Ndinoona kuti 'Ndingaku ropafadza here kana basa rako/kana wanano yako? Zvinokonza pane kuti 'Ndingakunamatira here?' zvonova zvakareruka, kana zvaratidzwa norudo, nokutungamira imwe mhuri kune rudo nesimba rekuponea raJesu Kristu, mushure memakore ekusawirirana.

Handiwanzo kwanise kuona mhedzisiro yazvo, asi ndakaona zvakakwana zvinoita kuti ropafadzo ishandure hupenyu. Zvakashandura wangu zvakare.

Mwari varopafadza zvakare, sezvisikwa mumufananidzo Wake, ndizvo zvatino va pamweya zvakare. Mweya Mutsvene vakamirira vanhu vaMwari kuti vauye nokutenda neChikuriri chokuti Jesu Kristu akavagonera, kuti vashandurwe muhupenyu.

Ndine chivimbo chokuti muchabetserwa nebhuku rino. Jesu havana kutisiya tisina simba. Kutaura ropafadzo mumamiriro ose kune simba renyasha rinokwanisa kushandura nyika.

Fadzwai.

Richard Brunton

CHIKAMU CHOKUTANGA:

Sei
Ropafadzo

MAONERO

Mudzimai wangu Nicola muKaridhonia Mutsva, zvi-chirewo kuti ndaifanira kudzidza kutaura French zvakare kuva nenguva munzvimbo yechiberekerwa yake, Noumea. Sezvo Karidhonia Idzva izere makatorika, hazvina kutora nguva kuti vanhu vakawanda vauye kwandiri 'nedivi rerima', asi vari muchitendero chavo. Zvaisava zvitsva kuti vaende kumatendera vasingazive kuti vari kuenda kun'anga.

Ndinorangarira mudzimai wangu achienda neni kunoshanyira mumwe musikana wechidiki akana ashanyika vaporesi ava, asi akazoguma ava mumba achirwara nepfungwa. Pandakaziva kuti waive muKristu, Ndakaraira madhimoni akange amupinda kuti abude, nezita raJesu Kristu. Mupirisita weKatorika akanamata wo zvakare, pakati pedu, mwanasikana uyu akasunungurwa kubva munzvimbo yaakange akachengeterwa.

Vamwe vakapupura chitendero chavo cheKatorika vamwe vakaratidza pachena zviumbwa zvavana Mwari vavo. Pane mumwe murume wandakasangana naye waive nedambudziko remudumbu. Rimwe ndakamuti akakwanisa kusiya zvikuru, zvaive Bhudha ayive pamberi pemba yake – ayivepo husiku wega wega – dambudziko rake remudumbu raizopera. Nezvimwe zviumbwa zvake waifanira kuzvisiya. Akaita nharo – zvinhu zvakafa zvingandirwarise sei? Shure memwedzi mishoma ndakamuona ndikamubvunza kuti mudumbu make maive sei. Akanditi ndakatora yambiro yenyu ndikabvisa zvose zviya iko zvino ndanaya.’

Pane chimwe chiitiko, Ndakaenda kune mumwe mukadzi waiye negomarara. Tisati tatanga kunamata ndakati tibvise chiumbwa chaBhudha chaivemo, izvo zvakaitwa nemurume wake. Pandakaputsa zvituko nekuraira kuti madhimoni abve nezita raJesu, akanzwa zvinhu zvaifamba kubva kumakumbo ake nemusoro zvichibuda maari.

Zvino, mushure maizvozvi ndakatanga kudzidzidzisa pamusoro ‘zvituko’ kune boka remadzimai remuna-

mato ratakanga tavamba muNoumea mataigara. Dzidziso yakanga yakamira mubasa raDerek Prince (Derek Prince waive mudzidzi weBhaibheri). Pandaigadzira shoko rangu muFrench, Ndakadzidza kuti shoko ravo rechituko raive *malédiction*, uye shoko reropafadzo raive *bénédiction*. Midzi yezvirevo yemashoko aya 'kutaura kwakaipa' na 'kutaura kwakanaka.

Panguva yandakaenzanisa chituko neropafadzo, chituko chaive chitema, chinorema nenjodzi, uye ropafadzo rairatidza kureruka. Ndakange ndanzwa dzidziso dzezvituko mumashure, asi kwete dzeropafadzo – zvakabatsira mukuona kwangu. Ndakanga ndisati ndanzwa mumwe achiropafadza mumwe mukuita. Pachokwadi, ropafadza yemuKristu inova yokuti, 'Ndinokuropafadza', mumwe paanohetsura, kana kunyora 'Ropafadzo' pakuguma kwetsamba kana zvinyorwa – sokunge inova tsika pane kuva nechinangwa.

Pamberi, pandakafunga pamusoro pemashoko, 'malédiction' na 'benediction', zvakauya kwandiri kuti 'Kutaura Kwakaipa' kwaive nesimba, zvakare 'kutaura

kwakana' kunofanira kuva nesimba zvakare, naMwari, zvine ma simba!

Zaruro iyi, nemamwe maonero atichataura nezvawo pamusoro, akandiita kuti ndione *simba* reropafadzo.

SIMBA ROKUTAURA KWEDU

Tisingade kudzokorora zvinotaurwa nevazhinji mum-abhuk pamusoro pesimba remashoko edu. Ndinoda kutaura pamusoro pezvakanakosha panyaya ino.

Tinoziva kuti:

*Rufu zvakare hupenyu zviri musimba rerurimi
zvakare avo vanorida, vachadya chibereko
charo. (Zvirevo 18:21)*

Shoko rine simba guru – anage akanaka zvakare anovaka, asina kunaka zvakare anoparadza. Nguva yese yatinoziva mashoko (kana patinoshandisa rimwe inzwi, rinowedzera chirevo kumashoko), tinotaura hupenyu kana rufu kune vanhu vanotinzwa nekwa-iri. Zvakare, tinoziva kuti:

Mukuzara kwezviri mumoyo muromo unotaura.

Munhu akanaka kubva muchakavanzika chake anounza zvinhu zvakanaka zvakare munhu wakaipa kubva mune zvakavanzika zvakaipa anounzawo zvakaipa (Mateo 12:34-35)

Zvoreva kuti, kubva mumoyo muromo unotaura wo; kubva mumoyo wekuzviruramisa kutonga kunouya, mutauro une kutonga; moyo usingatendi, mutauro unogeda geda; nezvimwe wo. Zvimwe zvo, moyo weruchiva unounza zvimwe zvo. Nyika yakazara nokutaura kwakaipa. Hupenyu hwavanhu nokuva zvakadaro, tinowanzotaura zvakanaka kune vanhu kana mamiriro. Hazvingouya zvegani tinomirira kana vanhu vafa tisati tataura zvakanaka pamusoro pavo. Zvakadaro, 'chitubu chakanaka' chinobva pamwoyo ino rudo inotaura nyasha; kubva mumoyo ine rugare, mutauro unodzororedza; nezvimwe zvasara.

Mutauro unoti, 'zvakare avo vanouda, vachadya chibereko chawo' zvinoreva kuti unokohwa zvawadyara – zvakanaka kana kuipa. Nemamwe mashoko, unowana zvaunotaura. Unofungeyi nezvazvo?

Izvi zvinova chokwadi kune vanhu vese, zvisinei kuti

uri muKristu kana kwete. MaKristu nevasiri maKristu vanokwanisa kutaura shoko rehupenyu – semuenzaniso, mumwe anogona kuti: ‘Mwanakomana, wavaka imba yakana Unokwanisa kuva muvati nerimwe zuva. Wagonesa.’

Zvakadaro, muKristu akaberekwa rutsva ane mwoyo mutsva. Bhaibheri rinozvireva nenzira iyi ‘chisikwa chitsva’ (2 VaKorinde 5:17). Naizvozvo, sevaKristu, tinofanirwa kutaura zvakanaka kakawanda kudarika zvakaipa. Tinokwanisa kuwira mukutaura kwakaipa zvakare nemashoko. Ukatanga kufungisisa pamusoro pazvo, uchashamisika nekuona kuti maKristu – mukusaziva – vano zvituka nekutuka vamwe. Tichazviturea kunyanya kumberi.

KUFAMBA KUBVA MUKUTAURA
KWAKANAKA KUENDA
KUROPAFADZO:
KUDANWA KWEDU

Sema Kristu, nehupenyu hwalshe Jesu huchiyerera budikidze nesu, tinodarika kutaura kwakanaka kwega – tinokwanisa kutaura zvakare kusiya ropafadzos kvanhu kana mamiriro – zvakare takadanirwa kuita izvozvo. Ropafadzo ndiko kudanwa kwedu kukuru. Verenga zvinotevera:

Pakupedzisira, muve nomwoyo mumwe mose, munzwirane ngoni, mude hama, muve nomwoyo munyoro, muzvinipise, musingatsivi zvakaipa nezvakaipa, kana kutuka nokutuka asi muropafadze nokuti ndizvo zvakadanirwa kuti mugare nhaka yokuropafadzwa. (1 Petro 3:8-9)

Takadanwa kuti tiropafadze zvakare kugamuchira ropafadzo.

Mwari pakutanga vakataura ropafadzo kuna Adhamu naEva:

Zvino Mwari akavaropafadza, zvakare Mwari akati kwavari, 'Mwari akavaropafadza akati kwavari berekai muwande muzadze nyika mubate ushe pairo...' (Genesi 1:28)

Mwari akavaropafadza kuti vave nezvibereko. Ropafadzo inova zvinova Mwari – ndizvo Zvavanoita! Zvakare saMwari – zvakare kubva Mwari – isu zvakare tine Chikuriri nesimba rekuropafadza vamwe.

Jesu vanoropafadza. Chinhu chavakagumisidza kunyangwe vakange vave kukwira kudzokera, kwaive kuropafadza vadzidzi Vake:

Zvino akavatungamira kunze kweguta kusvikira pakatarisana neBhetani, ndokutambanudza maoko ake akavaropafadza, Akati achavaropafadza akaparadzana navo akakwidza kudenga. (Luke 24:50-51)

Jesu ndivo mutungamiri wedu. Akati tinofanirwa

kuita zvinhu zvaakaita, nemuzita Rake. Takasikirwa na Mwari kuropafadza.

ROPAFADZO YEMUKRISTU?

Mu Testamende Yakare, shoko rokuti 'Ropafadzo' ishoko reHebheru rinonzi *barak*. Rinoreva kuti, 'kutura nechinangwa naMwari'.

Mu Testamende idza, shoko rokuti 'Ropafadzo' muGiriki rinonzi *eulogia*, panobva shoko rokuti 'eulogy'. Zvino, mukutura, izvi zvinoreva kuti 'kutura zvakanaka pamusoro pemumwe' kana 'kutura chinangwa kana kuti tsvete yaMwari' kune munhu.

Ndiyo tsanangudzo yeRopafadzo yandichashandisa mubhuku rino. Ropafadzo kutaura chinangwa kana tsvete yaMwari pamusoro pemumwe kana mamiriro.

Mwari, panzvimbo dzakawanda, muzivo Yavo, vakasarudza kumisa basa ravo pazvinokwaniswa nevanhu. Zvakadaro vanoda tiropafadze pachikamu chake. Zvino semuKristu, Ndinotaura chinangwa chaMwari muzita raJesus. Ndikazviita nerudo neku-

tenda, zvino ndinenge ndine simba redenga mumashure mangu, zvakare ndotarisa kuti Mwari vachafambisa zvinhu kuzvishandura kubva pazviri kuenda kwavanoda. Ndikaropafadza munhu nechinangwa, nerudo nekutenda. Ndinodenda hurongwa hwaMwari pamusoro pemunhu iyeye.

Kune rimwe divi, mumwe munhu anokwanisa kutaura mashoko aSatani kune vamwe izvo zvino-mutsa hurongwa hwemadhimoni – hunova, kuba, kuuraya nekuparadza. Asi Mwari vakudzwe

*Ari mauri mukuru kudarika ari munyika (1
Johani 4:4)*

Zvinova mumoyo waMwari kuropafadza – Ndizvo zvavari! Chishuwo chaMwari chokuropafadza chakakura. Hapana chinomumisa. vakagadzirira kuropafadza vanhu. Chishuwa Chavo kuti Jesu vave nehama dzakawanda. Vanova isu! Asi, zviri pamwoyo waMwari kuropafadza vanhu, Vanoshuvira kuti vanhu varopafadze vamwe vavo.

Panguva yatinoropafadza muzita raJesu, Mweya

Mutsvene vanouya nokuti tiri kuratidza chimwe chinhu chirikuitwa naBaba – tiri kutaura mashoko anoshuvirwa naBaba. Ndinofadzwa nechokwadi ichi. pandinoropafadza mumwe munhu Mweya Mutsvene vanange varipo – Vanobata mumwe munhu, rudo runovapo zvinhu zvoshanduka. Kakawanda vanhu vanondimbundira, kana kuchema vachiti zvauya munguva chaiye uye nesimba’, kana kuti ‘Ndanga ndakazvitarisira zvikuru’.

Asi zvino pane chimwe chinokosha: tinoropafadza kubva panzvimbo yehuvepo naMwari, kubva paAri. Kuva pedyo kwedu pamweya naMwari kwakakosha. Shoko redu nerake zvakazodzwa nesimba kuzadzisa zvinangwa zvake kune mumwe munhu kana mamiriro. Asi timbodzokere kumashure...

CHIKURIRI CHEDU CHOMWEYA

Mu Testamende Yakare, mupirisitas waimirira vanhu zvakare kutaura Ropafadzos pamusoro pavo.

Munofanira kuropafadza vana valsiraeri nen-zira iyi. Muti kwavari:

*Ishe vakuropafadzaeyi nekukuchengetayi;
Ishe vaite kuti Chiso Chavo chipenye kwamuri-
ave nenyasha kwamuri.
Ishe vasimudze kupenyera Kwake kwauri,
zvakare vakupa rugare.*

*Nokudaro vachaisa zita rangu pamusoro
pevana velsirayeri, zvakare Ndichavaropafadza.
(Numeri 6:23-27)*

Mu Testamende Idzva, isu semaKristu takadanwa:

Rudzi rwakanangurwa, vehupirisita, vtsvene, vanhu Vake, kuti tigokwanisa kuti muparidze kunaka kwaiye akakudanai kuti mubve parima muuye kuchiedza chake chinoshamisa. (1 Pet 2:9)

Zvakare Jesu

...wakatiita madzimambo navapirisita kuna Mwari naBaba Vake... (Zvakazarurwa 1:6)

Imwe nguva yakadarika, ndaive ndigere paOuen Toro, kunotarira kuNoumea, ndichitsvaka shoko rokutaura kune gungano yemunamoto. Ndakanzwa Mwari vachiti, 'Hauzive kuti unova ani.' Mwedzi yakazotevera: 'kana ukaziva Chikuriri chaunacho muna Kristu Jesu unoshandura nyika.' Mashoko ose awa ayive emapato akasiyana avanhu asi, ndakazoziva kuti, ayive angu zvakare.

Ndinofunga kuti zvinozivikanwa muma Kristu kuti kutaura kune mamiriro kana hosha (chikomo – Mako 11:23) kuraira hosha kune simba (Mateo 10:8; Mako 16:17-18). Izvi ndakazviona pamwe nevakwanda

muhushumiri hwekuporesa nedzikinuro. Ndinotenda kuti Jesu vakataura, '*munoporesa varwere* (muzita rangu). Harisi basa rangu, inderenyu. *Itai.*'

Mwari vanoda kuporesa nekuzviita budikidze nesu. Mwari vanoda kudzikinura vanoda kuzviita budikidze nesu. Mwari vanoda kuropafadza vanoda kuzviita budikidze nesu. Tinokwanisa kubvunza *Mwari* varopafadze, kana kuropafadza muzita raJesu.

Makoremashoma adarika, Ndinorangarira ndichienda kunoropafadza bhindauko rangu. Ndakatanga kuti, '*Mwari, ropafadzayi Colmar Brunton.*' Ndobva ndashandura – pashoma napashoma – kubva pakuti '*Mwari ropafadzayi Colmar Brunton*' kuti:

Colmar Brunton, Ndinokuropafadza muzita raBaba, nereMwanakomana naMweya Mutsvene. Ndinokuropafadza muAuckland, nemuWellington, Ndinokuropafadza mumpato. Ndinokuropafadza kubasa nekumba. Ndinoisa Humambo hwaMwari munzvimbo ino. Huyai Mweya Mutsvene, Tinokugamuchirayi.

*Ndinounza rudo nerufaro nerugare kutsungirira
nehunyoro kwakanaka nokutendeka pamwe
nokuzvidzora nekubatana. Muzita raJesu,
Ndinokupa pfungwa kubva muHumambo
hwaMwari dzichabatsira vamwe nokuita
kuti nyika yose inake. Ndinoisa pamusika.
Ndinoisa tsvete munzvimbo dzemushando.
Ndinoropafadza chiono chako: 'Bhindauko, Basi
rakanaka.' Muzita raJesu, ameni.*

Ndakatungamirwa, ndakaisa chiratidzo chomuchinjiko pasuwo redu naMweya kuita kuti pane nokuchengetwa neropa raJesu.

Kubva panguva yandakashandura kubva pana 'Mwari ropafadzayi Colmar Brunton' kuti 'ndinoropafadza Colmar Brunton muzita raBaba, neMwanakomana naMweya Mutsvene', zodzo yaMwari yakava pandiri – ndainzwa mufaro waMwari's neziviso yake. Zvaiita sokunge, 'Ndanzi wawana, Mwanakomana; ndizvo zvandiri kuda.' Kunyangwe ndaifanirwa kuzviita nguva, ndogara ndichinzwa mufaro waMwari mazviri. Nemhinduro? makava neshanduko muhofisi,

zvokuti vanhu vakataura pamusoro pazvo, neku-netsekana kuti zvinhu zvakambama sei. Zvaishamisa kwazvo! Ropafadzo inoshandura nyika.

Asi handina kumira ipapo. Mangwanani, muhofisi musina munhu, ndikasvika pachigaro chemunhu anoda njere pane imwe nhambo, ndinovaropafadza, nokuturika maoko pamusoro pechigaro chavo, ndine kutenda kuti zodzo yeropafadzo inopinda nemuchigaro kuenda kuMwanakomana agere ipapo (Mabasa 19:12). Pandaingoziwa zvimwe zvinhu zvirikudikanzwa navanhu, Ndairopafadza nenzira iyoyo.

Ndinorangarira mumwe munhu waigomhura – kureva kuti, waishandisa zita raMwari zvakaipa. Mamwe mangwanani ndakaisa maoko angu pachigaro chake, kusunga Mweya wekumhura, muzita raJesu. Ndakaedza kazhinji, asi pakugumidza Mweya iwoyo wakapfugama kune simba kumhura kukaenda kubva pamutauro.

Ndinorangarira zvekare mumwe murume achiuya kwandiri kumunamato, achida kuti Mwari vamubvise panzvimbo yekushanda apo munhu wese aituka

Mwari nekuzvienzanisa naMwari. Ndakasarudza kuwongorora nyaya iyi munezvakaka: uyu murume aripanvimbo yemushando kuti ave ndiye muropafadzi wepabasa uye zve nekuti ahandure nekukomborera maitirwo ezvinhu zvinoitika mukati mebasa nemumhepo dzinotenderera pabasa apa! Tinokwanisa kushandura nyika.

Ndakava nemaonero okuti apo Mwari vanoshuvira kuropafadza vanhu, anoshuvira zvikuru kwatiri–vanhu Vake, vana Vake – kuti tiropafadza vanhu. Une simba reChikuriri. *Unoropafadza!*

Baba vedu vekudenga vanoda tibatirane pamwe, tishande pamwe, navo mubasa ravo redzikinuro. Tinokwanisa kuropafadza vanhu neruponeso nedzikinuro asi tinokwanisa kuropafadza vanhu neshoko redu. Tiri vanhu vaMwari vanoropafadza nyika. Mukana wakanaka nebasa kwatiri!

Zvino, kwandiri, Ropafadzo kutaura zvinangwa zvaMwari kuvanhu kana mamiriro norudo, meso akazaruka, nechinangwa, nechikuriri nesimba, kubva kumweya yedu yakazra naMweya Mutsvene.

Kurerutsa, Ropafadzo kuita mukutenda nokutsinha chinangwa chaMwari kune munhu kana mamiriro. Patinotsinha chinangwa chaMwari, tinounza kugona kwavo kushandura kubva pamwe kuenda kumwe.

Zvakare rangarira – takaropafadzwa nokuti tinoropafadza.

CHIKAMU CHEPURI:

Maitirwo
Azvo

ZVIMWE ZVINHU ZVINOKOSHA

Ita mutauro wakachena hupenyu hwako

Zvino ropafadzo nechituko zvinobuda kubva mumuromo mumwe chete. Zvirokwazvo vadikani izvi hazvina kunaka! (Jakobho 3:10, NLB)

Ukataura zvinokosha zvakare zvisina mature, uchava somuromo wangu. (Jeremiya 15:19b, RSV)

Kana uchida kutaura zvinangwa zvaMwari pamusoro pevanhu, unofanira kusataura mashoko mashoko asina maturo – kana kuti akaipa.

Bvunza Mweya Mutsvene zvokutaura

Kurudzira Mweya wako (budikidze nokunamata kana kutaura nendimi). Bvunza Mweya Mutsvene vakubat-

sire kuona rudo rwaBaba kune munhu wauri kuda ku ropafadza. Nengevera sezvinotevera:

Baba, munoshuveyi kuti zvitaurwe? Ndino-kumbirawo kuti mundipe shoko reropafadzo kune munhu uy? Ndingamukurudzira kana kumunyaradza sei?

Ropafadzo semusiyano kubva kumunamoto

Vanhu vakawanda vanoona zvakavaomera kuti vataure maropafadzo. Zvino zvakadaro vanotanga 'kumira pamukaha', vachibvunza Baba ropafadzo. Zvakadaro chinhu chakanaka kuita, ropafadzo ino-taurwa nenzira iyi inova munamoto, zvinokosha zvikuru kuziva mutsauko. Kutaura kana kutsinhira ropafadzo hakushandure Munamoto, asi kunofam-bidzana pamwe chete – zvinofanira kuonekwa pamwe chete.

Vanyori Roy Godwin naDave Roberts mubhuku ravo *Nyasha Dzinodururwa* vanoti:

Panguva yatinoropafadza, tinotarira munhu wacho mumaziso (kana ari mamiriro) totaura kwaari semuenzaniso, tinokwanisa kutaura kuti, 'Ndinokurofafadza muzita ralshe, kuti nyasga dzalshe Jesu dzive pauri. Ndinokurofafadza muzita Rake kuti rudo rwaBaba rwukukombe nokukuzadza; kuti uzive pakadzika pako zvizere kuti unogamuchirwa uye ane mufaro kwauri.'

Tarira shoko rinoti 'Ini'. Ndini ndiri kutaura ropafadzo muzitara Jesu kune munhu wacho. Handina kunamata kuna Mwari nokuda kweropafadzo asi ndataura ropafadzo ndichishandisa Chikuriri chinopihwa naJesu gives kwatiri kuti titaure ropafadzo kuvanhu kuti Ivo vozouya zvakare kuzotaura ropafadzo kwavari.

Usatonge

Usatonga kuti mumwe akakodzera ropafadzo here kana kwete. Ropafadzo razvokwadi, pamusoro pemunhu, rinotsanangudza maonero aMwari kwavari. Monero aMwari anotarisa zvovanofanira kuve.

Somuenzaniso, Mwari vakadana Gidhioni kuti murume wehumare (Vatongi 6:12) panguva yokuti, waisava chinhu! Jesu akadana Petros kuti *'ibwe'* (Mateo 16:18) asati ave *'nemafuluzi'* okutakura vamwe vanhu vaitarisira kwaari. Tinoona kumberi, *'Mwari ... vanopa hupenyu kune vakafa, nokudana zvinhu zvisipo sezviripo'* (VaRoma 4:17). Kana tikanzwisisa izvi, zvinobvisa kamuitiro kedu *'keikutonga'* kuti mumwe akakodzera here ropafadzo kana kuti kwete.

Kushomeka kunoita vanhu kuropafadzo, ndiko kurida kwavo. Vanhu vanoropafadza vamwe vasingakodzeri vanogamuchira ropafadzo hurusa.

Ratidziro yemuenzaniso

Funga kuti paive nemunhu anonzi Fred ane dambudziko rokudhakwa. Mukadzi wake haafari nazvo, achinamata kuti: *'Mwari ropafadzayi Fred. Muiteyi asiye kudhakwa.'* Asi zvine simba kuti:

*Fred, Ndinokuropafadza nezita raJesu.
HurongwahwaMwarinehupenyuhwakohuitwe.
Ukwanise kuzova murume, murume naBaba*

wawakapihwa naMwari. Ndinokuropafadza nerusununguko kubva mukudhakwa. Ndinokuropafadza norugare rwaKristu.

Ropafadzo yekutanga inokumikidza dambudziko kuna Mwari. Hapana mutsimba – zviru reru. Zvine kuzvitongera nokuzviruramisa, nekuratidza chivi chaFred.

Ropafadzo yepiri inoda kufunga norudo. Haina kutonga asi inotarisisa pakukwanisa kwaFred pane zvaari nguva ino. Ndakanzwa mumwe munhu achiti Satani anoziva mazita edu nokutidana nezvivi zvedu, apoMwari anoziva zvivi zvedu asi anotidana nezita redu nezvatinova. Ropafadzo repiri rinochengetedza zvinangwa zvaMwari. Inoratidza mwoyo waMwari. Rangarira kuti, Mwari vanoda Fred.

MAMIRIRO AKASIYANA ATINGASANGANE NAWO

Ndiri mudzidzi weropafadzo. Panguva yandakatanganga, ndaisaziva kuropafadza uye handina kuwana zvakawanda zvokundibatsira. Ndakatanga kuona mamiriro akawanda, zvino ndinoda kubatsira nezvinotevera. Unokwanisa kuzvishandisa pamamiriro mamwe, maringe naMweya zvaanoda kuti utaure. Zvinoda kuitwa, asi zvinokosha.

Ropafadza vanokuvenga nekutuka

Makore mazhinji adarika, mumwe mushandi anga achangosiya basa akauya kuzonwa svutu gadzike neni nekundioneka. Kutenda kwake kwaive Kwenguva Idzva – ‘mwari ari mauri’, nezvimwe. Tiri pakati pokutaura, akati makambani maviri aakanga ashandira akabva akange achoboka. Ndakanga ndisati ndave muKristu kwenguva, asi ndakaona kuti mashoko ake ayiratidza chituko. Ndakanzwa chin-

guvani chokutya kwaari, ndikazviramba. Asi handina kumuropafadzo. Mushure mekukuimbira mbvumo yekumunamatira ndingadayi ndakataura kuti:

Deborah (handiro zita rake), ndinosunga kukonza kwechituko muhupenyu hwako. ndinokuropafadza nezita raJesu. Ndinotsinha kunaka kwaMwari kwauri. Zvinangwa zvaMwari muhupenyu hwako zvidarike ... ndinoropafadza zvipo zvako, ngazviropafadze mukuru wako pabasa nokuunza kubwinya kuna Mwari. Ukwanise kuva mudzimai waMwari waunofanira kuva. Muzita raJesu, ameni.

Ropafadza vanokuvenga nokurwadzisa

Ndakanamatira mumwe mudzimai wainetsekana mukati make nokunge murume wake amusiya wo zvakare. Ndakamubvunza kana waizomuregerera. Zvakanga zvisina kumuomera, akangozviita. Zvino ndakamubvunza kana waikwanisa kumuropafadza. Akashamiswa nazvo, asi achida kuedza. Kunyangwe murume wake akange asipo, zvino ndakamutungamira:

Ndinokuropafadza murume wangu. Hurongwa hwese hwaMwari nehupenyu hwake uvepo newanano yako ibudirire. Unokwanisa kuva murume, naBaba vanodiwa naMwari kuti uve. Nyasha dzaMwari netsvete yavo zvive newe. Muzita raJesu, ameni.

Zvaive zvakaoma pakutanga, asi akabva abata mwoyo waBabam zodzi yaMwari ikavapo. Takachema tose apo Mweya Mutsvene akashumira kwaari, ndinotenda, kune murume wake zvakare. Nzira dzaMwari handidzo dzedu.

Kuropafadza mumamiriro akadai kune humhare – kunofadza, zvakare – kufana naKristu.

Kuropafadzo vasingakodzeri kuri pamwoyo waMwari – kugona Kwake. Tarira mbavha yakaroverwa naKristu, kana mhombwe yemudzimai. Ko zvino iwewe neni?

Ropafadzo ‘haisi yenyika’ inongavapo – hachisi chinhu chokuti vanhu vari mukurwadziwa vanoita.

Asi iznira yaMwari, zvinoporesawo ari kupa ropafadzo pamwe neari kugamuchira ropafadzo racho. Inobvisa kugumbuka, kudzorera, kugumbuka, zvinokwanisa kukuvadza muviri wako rekudzora makore ehupenyu hwako.

Tsamba yandakagamuchira kubva naDenis:

Mwedzi mitatu yadarika ndaitaura nemukoma wangu parunhare. Hatiwanzotaure nguva dzakawanda nokuti anogara kune rimwe guta.

Pataive takupedza hurukuro yedu, ndakamubvunza kana ndaikwanisa kuropafadza bhindauko rake nemudzimai wake. Haana kudavira zvakanaka. Akataura zvinhu zvisina kunaka kwandiri, ndikanetsekana nazvo. Mumazuva akazotevera, ndichiita hangu mabasa angu, ndakashandisa mutemo wesimba rinoshamisa reRopafadzo kutaura tsvete yaMwari pabhindauko rake. Dzimwe dzenguva ndaizviita katatu pazuva. Zvino, mwedzi mitatu pamberi, kwasara zuva rimwe kuKisi-

musi, mukoma wangu akandifonera sepasina chakaitika. Ndakashamiswa nematauriro ake ehushamwari pasina kutsamwa mukati.

Simba Rinoshamisa reRopafadzo kunze kwamamiriro edu ... Ishe Vakudzwe!

Ropafadzo avo vakakudenha

Chimwe chinhu chinogumbura kwatiri vanhu humbimbindoga. Zvinoitika nguva dzakawanda. Mashoko asiri echiKristu anouya mupfungwa dzedu nekubuda kubva mukawanda medu pakarepo. Panguva yazvinoitika, tinotuka mumwe munhu akasikwa naMwari uye anodiwa naMwari. Mwari vanogona kudzivirira munhu iyeye zvakanaka.

Kana zvaitika zvakare, yedza kuropafadzo mumwe mutyayiri, pane kutaura mashoko akaipa:

Ndakaropafadza wechidiki akanga andipindira mumutsara (akava nokunyengera). Ndinotaura rudo rwenyu kwaari, Ishe. Ndinoisa hunaku hwenyu pamusoro pake nezvamunoda muhu-

penyu hwake. Ndinoropafadza wechidiki uyu nokudana zviri maari. Afambe mushe kusvika kumba uye ndinoRopafadzo mhuri yake. Muzita raJesu, ameni.

Kana kuti:

Baba, ropafadzayi mutyayiri wemota iyo, muzita raJesu. Rudo rwenyu rumutevere nekumudarika pamwe nekumusunga!

Mumwe wevaverengi vangu anoona chinhu chinokosha:

*Chinhu chandakaona ndechekuti ropafadzo yandishandura. Handigone kutaura ropafadza kuvanhu vakandikanganisa, somuenzaniso, ndotaura kuti – kana kufunga – zvakaipa pamu-
soro pavo. Hazvina kunaka. zvakadaro ndinotarisa zvakana kubva muropafadzo...
– Jillian*

Ndaive neshamwari yangu anozni johani akandikoka kuzonamatira gakava. Rakatanga kuwedzera muku-

sawirirana ndakakumbira kuti pane kuti tinamate, tiise ropafadzo pamamiro acho.

Takaropafadza gakava iri renhaka nezita raJesu. Tinoparadza kusawirirana, kubatikana tinounza kuwirirana kururama pamwe nekuyanana pano. Patakaropafadza mamiro aya, takaisa kurutivi pafungiro edu ose tikasiya kuti Mwari vamutse chinangwa Chavo pamusoro pemugove wenhaka iyi. Muzita raJesu, ameni.

Pasati papera mazuva mashomani nyaya yakanga yagadziriswa.

Ndinofadzwa nezvakaaurwa nemumwe muverengi:

Ndakadzorwa mumashure nekukasika 'nguva yerudaviro' yandakaona mukuroopafadzo vamwe. Zvakaita sokuti Ishe vakamirira kutaura rudo kuvanhu kana tikatura munamoto weropafadzo kwavari. – Mufundisi Darin Olson, Junction City, Kereke yeOregon Nazarene

Ropafadzo inokwanisa kushandura nyika.

ROPAFADZO, PANE KUZVITUKO

Kuziva zvakare kuputsa zvituko

Mafungiro aya akwanda zvakadini: 'Ndakaipa, ndakapusa, nyope, hapana anondifarira, Mwari havangashande neni, ndiri mutadzi...'? Pane man-yepo akawanda atakatendedzwa kubvuma naSatani.

Ndine shamwari yangu anozviita nguva zhinji uye zvinondisuwisa. 'Oh, iwe Rozi (nhandiro zita rake). Watadza zvakare. Hauna chaunokwanisa...'

Usadzokorora kana kugamuchira zvituko izvi! Zvakadaro, zviropafadze.

Ndinorangarira mamwe mamiro eboka remunamato. Ndakaona mweya wekushayiwa mature kune mumwe mudzimai. tiri pakunamata, akati, 'ndakapusa.' Ndakamubvunza kuti akazviwanepi.

Akanditi vabereki vake vakange vazvitauro kwaari.
Zvinosuwisa ... zvakare zvinoitika.

Ndakamutungamira kune mitsara iyi:

*Muzita raJesu, ndioregera vabareki vangu.
Ndinozviregerera. Ndinoputsa mashoko aka-
taurwa nevabereki vangu. Ndine pfungwa
yaKristu. Ndakangwara.*

Takadzinga mweya yekusarudzwa pamwe nekushaya
hukoshi, ndakbva ndamuropafadza nokutsinhira kuti
mweya waMwari, zvakare akakosha kwaari, nokuti
Mwari vaizomushandisa kuropafadza vamwe, neku-
unza kupora kwemukati netariro kune vamwe vanhu.
Ndakamuropafadza nehushingi.

Zvinyoro nyoro akagamuchira ropafadzo. Akatanga
kupenya. Svondo rakatevera akapupura kunaka
kwaro. Tinokwanisa kushandura nyika.

Munhu wese anozviita. Bhaibheri rizere nezvinangwa
zvaMwari kuvanhu uye tinozvitsinhira pamusoro
pavo.

Ndinoda kupa mumwe muenzaniso. Ndakanamatira mumwe mudzimai wairwadziwa nemudumbu. Pandakatanga, Mweya Mutsvene wakawira paari madhimoni akabva paari. Zvose zvakanga zvakana kwemazuva mashomani hurwere hukadzoka. 'Sei, Ishe?' akabvunza. Akanzwa Mweya Mutsvene vachimurangaridza kuti, imwe nguva pamusanganano, akanzi bika chikafu zvakana nokuti vanhu vanogona kuzorwara. Iye akati handirware pamusanganano, asi pamberi zvaisava nenjodzi. Waifanira kuputsa simba remashoko iwawo, kuti awane kupora.

Kuropafadza muromo

Ndinoropafadza muromo wangu kuti utaure zvakana kwete zvisina maturo, kuti uve muromo walshe. (Jeremiya 15:19)

Minana yakawanda yaJesu yakaitwa nokutaura. Somuenzaniso, 'Ibva pano; mwanakomana wako anorarama' (Johani 4:50). Ndinozvida wo. Ndiko kuropafadza muromo wangu nezvinobuda mauri.

Ini nemukadzi wangu taive tiri muhoetra paNoumea. Tainzwa mwana achiungudza husiki hwese. shure kwemazuva achidaro, mukadzi wangu akaenda akanobvunza kuti zvaifamba sei. Mai vemwana vakati vaisaziva asi akanga apihwa mapiritsi rutatu pasina shanduko. Mudzimai wangu akamukumbira kuti anamatire mwana akabvuma, zvino ndakamunamatira mumutauro weFrenchi, ndakanamatira mwana nokutenda, kuti agokwanisa 'kurara semwana mudiki'. Zvikava saizvozvo.

Ropafadzo yepfungwa

Ndinogarotaura kuti,

Ndinoropafadza pfungwa dzangu; Ndine pfungwa dzaKristu. Naizvozvo ndinofunga pfungwa dzake. pfungwa dzangu ngadzive nzvimbo tsvene apo Mweya Mutsvene anofadzwa nekugara. Dzikachire mashoko enjere nezivo zvakare zaruro.

Kubva nguva to nguva, ndinonetsekana nokuchena kwepfungwa dzangu, ndinoona izvi zvichibatsira.

Ndinoropafadza ndangariro dzangu, kuti dzishande zvakanaka kwete zvakaipa. Ndainetsekana nendangariro dzangu rimwe zuva – dzakaenda kune nzvimbo dzandaisada – Mwari vakatsimbidzira kwandiri, *'Ona mundangariro dzako Jesu vachiita minana Yavo ... wogozviona uchiitawo.'* Ndakazviona zvakanaka kufunga pamusoro pechinhu chakanaka (Vafiripi 4:8) pane kusafinganya kune chimwe chinhu! Ropafadzo pfungwa dzako nendangariro dzako kuti uwane hutsvene.

Imwe nguva ndiri kufunganya nekukukanganisa kwangu muhupenyu, shokos rerimwe rwiyo rwakauya mumoyo mangu:

*Ivayi chione changu, O Ishe wemoyo wangu
Pasava nechimwe chinhu chingandiponesa
Muve ndangariro dzangu dzakanaka husiku
nesikati*

Ropafadzo yemiviri yedu

Unoziva here mavhesi aya: *'Mwoyo wakafara, unobatsira munhu kufara'* (Zvirevo 17:22)? Bhaibheri

riri kutaura kuti miviri yedu inodavira zvakanaka kumashoko nepfungwa:

Ndinoropafadza muviri wangu my. Nhasi ndoputsa matenda pamusoro pangu. Ndinoropafadza chiraramo changu.

Ndakaona rine bhaisikopo pamusoro pemumwe murume waive nedenda remwoyo. Akaropafadza tsinga dzemoyo wake kwemwedzi mitatu, achitsinhira kuti dzakasikwa zvinotyisa. Pakudzokera kwadhokotera, akaonekwa kuti akanga ave nemoyo mutsva!

Ndakafunga kuyedza izvi paganda rangu. Ndakava nedambudziko kubva ndichiri mudiki rezuva. Zvino ndakura. Ndakafunga kuropafadza ganda rangu. Pakutanga ndakaropafadza muzita raJesu. Asi ndakaverenga zvinhu zvinhu pamusoro peganda zvakashandura maonero angu. Ndakaona kuti, kunyangwe ndaive nazvo, zvaisavepo ndakambotaura pamusoro pazvo, asi kwete kwazviri. Zvakare handina chakanaka chandakataura pamusoro paro – ndainyunyuta nokusatenda.

Asi ganda rinoshamisa. Rinochengeta muviri kubva kune hosha pamwe chete nekupora rega. Rinoshambidza pamwe nokuchengetedza zvomukati.

*Tenda Mwari neganda – kuunyana nezvimwe.
Ropafadza ganda rako.*

Shure kwemwedzi yeropafadzo iyi, ganda rangu rakupora, asi zvakatanga nekufara nekutenda kwari. Rakasikwa zvinotyisa uye zvinofadza. Idzidzo chaiyo yakakwana. Kusatenda kunobvisa Mwari asi mufaro unokwezva Mwari.

Huchapupu hweshamwari yangu dhavidhi Goodman:

Mwedzi yadarika ndakanzwa Richard achiparidza nezveropafadzo – asi zvakashumira chimwe chinhu mandiri nematauro akanga achiita chokwadi ndechekuti ropafadza hachisi chinhu chatinobvunza Mwari, asi isu sema Kristu have tine chikuriri, kana kuti basa, rokuti tiende naro kunyika yose, sevamirir vaKristu, iva nesimba kune hupenyu hwevamwe vanhu

muHumambo hwaMwari. Tinokwanisa kuropafadza hupenyu hwavo, nokuratidza Kristu kwavari panguva imwe.

Ipfungwa yakanaka kana uchitarisa vamwe, asi zvakanetsa pandaifanira kuzviropafadzo. ndakatadza kubvisa manzwirwo okuti ndaisaifanira, kuti ndaive nehumbimbindoga, nekutora Mwari reru. Pfungwa dzakashanduka pandakaona kuti, sema Kristu, tiri zvisikwa zvitsva, zvakaberekwa patsva kuhurongwa hwaMwari kwaitiri. Zvakadaro, muviri wedu wakakosha – unova tembere inogara Mweya Mutsvene.

Izvo zvataurwa, Ndakatanga zvimwe – zuva rega ndichimuka, ndairopafadza muviri wangu, nokupa rutendo kwauri; nekurumbidza basa rakanaka ndairopafadza minwe yangu nekukwanisa kwayo, nekubata basa rose rinodikanwa nezvimwe. Ndairumbidza makumbo aku nokufamba kwawo, nokugona kwawo kushanda pamwe. Ndikarumbidza muviri wangu nokushanda zvakanaka kwawo.

Nokuti ndakanzwa zvakanaka mupfungwa nomuviri, pfungwa dzangu dzakatanga kufunga marwadzo esapi peruoko – marwadzo akange achibva mukati memapfupa. ndakatarira panzvimbo iyi, kurumbidza muviri nokukwanisa kwawo, nehushingi kurwisa zvose zvinoupikisa, nokubatsira kwawo kune mamwe mapazi achiporeswa. Mushure memwedzi mitatu ndakamuka pachina pakange pachirwadza; nokuti marwadzo akange abva zvachose uye asisadzoke.

Ndakasvika pakuziva kuti pane nguva yezvirokwazvo zvakare nzvimbo yokuti chipo chokuporesa chiwanikwe budikidze nokutenda nekubatsira vamwe, pane mumwe mukana uripo zvakare kwatiri pakuporesa. Unova chidzidzo kwatiri kuti tinovimba kuti Mwari vakapa kumuviri wedu mutsva, kuti tigobuda nekugutsikana.

Ropafadza imba yako newanano nevana vako

Imba yako – ropafadzo yemba

Ipfungwa dzakanaka kuropafadza imba yako nekudzokorora ropafadzo kamwe pagore. Ropafadza nzvimbo yaunogara uchishandisa chikuriri chako chomweya muna Jesu Kristu kukumikidza nekuchenura nzvimbo yacho kunaShe. Kukoka Mweya Mutsvene kuti vauye, nokuraira zvisiri zvaMwari zvibve.

Imba hazvisi zvidhinha nedhaka – inova vanhu. Sembvuno yaunayo kupinda mumba mako, mumwe munhu ane mbvumo zvakare kana zvinhu zvako, shure kwako. Zvinhu zvinokwanisa kunge zvakaitika panzvimbo iyoyo zveropafadzos kana zvituko. Zvisinei zvakaitika, Chikuriri chako chemweya chitaura mamiriro enzvimbo yacho nguva iyoyo. kana pachine madhimini akasara, unozvibata – uye zvinozova kwauri kuti umabvise ipapo.

Chokwadi, unofanirwa kutarisa madhimoni auri kusiya achipinda mumba mako. Une zvinyorwa, zviumbwa, mabhuku, mimhanzi kana zvokuona?

Inepfenyuro dzipi dzaunotendera? Mune chivi here mumba mako?

Ropafadzo yaunokwanisa kuraraira imba neimba yaunogara uchifamba:

Ndinoropafadza imba ino yedu. Ndinotsinhira kuti imba ino ndeya Mwari, Ndinoichenura kuna Mwari nokuisa pasi pehuShe hwaJesu Kristu. Imba yeropafadzo.

Ndinoputsa chiktuko chose mumba muno neropa raJesu. Ndinova nechikuriri pazvose nemadhimoni nezita raJesu nekumararira kuti abvepano zvino asadzoke zvakare. Ndinodzinga mweya wekutambura, nokusawirirana. Ndinodzinga mweya wenhamo.

Huyai Mweya Mutsvene mubvise zvose zvisi zvenyu. Zadzwa imba ino nehuvepo hwenyu. Itai zvbereko zvenyu zviuye: rudo, mufaro, rugare, hunyoro, kutsungirira, hunaku, kupfava, kutendeka nekuzvidzora. Ndinoropafadza imba ino nokuyerera korugare peace nerudo. Vose

vanouya muno vanzwe huvepo hwenyu neropafadzwa. Muzita raJesu, ameni.

Ndafamba mumiganhu yemba yangu, ndichiropafza nekuisa mweya weropa raJesu Kristu kuchengetedza imba ino, nevanhu varimo, kubva muzvakaipa nenjodzi dzinongowanikwa.

Wanano yako

Tine imwe mhando yewanano yatinoropafadza kana kuti imwe mhando yatinokuka.

Panguva yandakaverenga kutaura muna *Simba reRopafadzo* naKerry Kirkwood, ndakashamiswa. Kuti chaive chokwadi here?

Ndakafungisisa nezvazvo, uye ndine kutenda kwekuti mashokos ane chokwadi chakakura – kusafara kwese muwanano dzedu kana vana inyaya yekusavaropa kwedu! Neropafadzo, tinogamuchira kunaka kwaMwari kwatiri zvizere – nehupenyu nehutano hwakareba. Tinobata pamwe, nechatiri pamwe nevatiri kuropafadza.

Chenjerera zvituko. Varume nevakadzi zivanayi zvakana. Tinoziva mabhatani anopisa. Munotaura zvakadai here? Zvakambotaurwa kwauri here? 'Hauna kuzviteerera', 'watokanganwa', 'haugone kubika', 'hauna tariro...' kana zvikataurwa kakawanda, mashoko akadayi anova zvituko kana chokwadi.

Usatuka, ropafadza. Rangarira, kuti kana ukatuka mashoko erufu) haugamuchire nhaka yeropafadzo rinodiwa kwauri naMwari. kudarika izvozvo, kutuka kunobata isu zvakare kudarika mumwe watiri kutuka. Chingava chikonzero mimwe minamoto isiri kudairwa?

Kudzidzira kuropafadza kwakaita sokutanga mutauro mutsva – zvonetsa pokutanga. Somuenzaniso,

Nicole, ndinokuropafadza muzita raBaba, reMwanakomana naMweya Mutsvene. Ndinoisa kunaka kwese kwaMwari pamusoro pako. Zvinangwa zvaMwari muhupenyu hwako zviitike.

Ndinoropafadza chipo chako chokusangana

nokudavanhu nekugamuchira. Ndinoropafadza chipo chako chokudakadza vanhu. Ndinoti uri mumiriri waMwari anogamuchira vanhu. Ndinokuropafadza nesimba rekudarikira mberichero wakura. Ndinokuropafadza nehupenyu nehutano. Ndinokuropafadza nemafuta emufaro.

Vana vako

Pane nzira zhinji dzokuropafa, ndiwo maropofadziro atinoita muzukuru wedu:

Ashley, Ndinoropafadza hupenyu hwako. Uve muranda kwadzi waMwari anofadza. Ndinoropafadza pfungwa dzako kuti dzirambe dzakapinza kuti uve nezivo yezvakanaka. Ndinoropafadza muviri wako kuti ugare wakachena kusvikira muwananouve nehutano hwakanaka hwakasimba. Ndinoropafadza maoko netsoka dzako dziite zvinodiwa naMwari. Ndinoropafadza muromo wako. Utaure shoko razvokwadi nekurudziro. Ndinoropafadza moyo wako uve wazvokwadi kunaShe. Ndinoropafadza murume wako

nevana vachazouya nehupenyu hwakapfuma nekubatana. Ndoda zvose zvako, Ashley, ndinodada kuva baba vako.

Hongu, tinovaropafadza mune dzimwe dzvimbo dzavari kunetsekana zvakakodzera. Kana zvi-chioma kuchikoro, tinoropafadza pfungwa dzavo dzirarangarire zvidzidzo zvose; kana vachirwiswa, tinovaropadza kuti vakure muzivo netsvete muna Mwari nevamwe vana; nezvimwewo.

Ndinorangarira ndichitaura nemumwe mudzimai waMwari pamusoro pemuzukuru wake. Zvose zva-kange zvakananga pakutadza kwake, hunhu hwake hwakaipa nedambudziko rehunhu hwake kuchikoro. Akange atumwa kumusangano wekugadzira hunhu hwake, asi akadzingwa nekunetsa.

Mushure mokumuteerera, ndakamuudza kuti akange achimutuka nematauriro aakange achiita pamu-
soro pake, nokuti akanga achimuisa muhutapwa nemashoko ake. Zvino akamira kutaura zvakaipa, akabva amuropafadza nechinangwa, murume wake waidaro zvakare. Pasina mazuva mukomana uye

akashanduka, akaita zvakanaka kumusangano. Kutura kudavira kune simba rinoshamisa reropafadzo!

Chimwe chinhu chinofadza chokuti baba vangapa vana vavo iropafadzo yababa. Ndakadzidza izvi kubva kubva *kuRopafadzo yaBaba* naFrank Hammond, rinova bhuku rinofadza. Pasina ropafadzo yababa panenge pasina kukwana – hapana chingazadzisa. Madzibaba turikayi maoko kuvana venyu, zvakare kune dzimwe hama, (turika maoko ako pamusoro pave nemafudzi) uvaropafadze. ona zvakanaka zviri-kuitwa naMwari kwauri navo.

Pose pandinogova shoko rino, ndinobvunza varume navakadzi, ‘vangani vari pano vakaturikwa maoko nababa vavo vashoma vanosimudza maoko?’ Vanhu vashoma vanodavira. Ndobva ndashandura mubvunzo: ‘Vanhu vangani vari pano vasati vamboturikwa maoko eropafadzo nababa vavo?’ Vose vanosimudza maoko.

Ndobva ndabvunza kana vachitendera kuti ndive baba vavo pamweya nguva iyoyo – anobatira –

kuti ndigokwanisa, musimba raMweya Mutsvene, kuvaropafadza neropafadzo ravasina. Rudaviro rwunoshamisa: misodzi, dzikinuro, mufaro, ruponeso. Zvinoshamisa!

Zvino kana uchida ropafadzo yababa, taura zvinotevera nezwi repamusoro. Iropafadzo yandakatora kubva kuna Frank Hammond.

Ropafadzo yababa

Mwana wangu, ndinokuda! Unokosha. uri chipo kubva kuna Mwari. Ndinotenda Mwari nokunditendera kuti ndive baba vako. Ndinodada nokupembera pamusoro pako. Iko zvino ndinokuropafadza.

Ndinokuropafadza nekupora kwemaronda emumoyo – maronda ekurambwa, kumbunyikidzwa nokutambudzika. Muzita raJesu, ndinoputsa simba remashoko ose akaipa asina kururma pamusoro pako.

Ndinokuropafadza norugare, rugare runopihwa naMambo worugare.

Ndinokuropafadza nezvibereko zvakakanaka zvinogara.

Ndinokuropafadza nebudiriro. Uri musoro kwete muswe; uri pamusoro kwete pasi.

Ndinoropafadza zvipo zvawakapihwa. Ndinokuropafadza nezivo yezvakanaka muna Kristu.

Ndinokuropafadza nekubudirira kunopfachuka, kunoita kuti ukwanise kuropafadza vamwe.

Ndinokuropafadza nemweya wekukonza, nokuti uri chiedza pamwe chete nomunyu wenyika.

Ndinokuropafadza nenzwisiso yakadzama yomweya nokufamba pedyo nalshe. Haudzadzarike kana kudonha, nokuti shoko raMwari richava mwenje kutsoka dzako nechiedza munzira dzako.

Ndinokuropafadza kuti uone vakadzi/varume saJesu. Ndinokuropafadza kuti uone, nekumora goridhe kuvanhu, kwete tsvina.

Ndinokuropafadza kuti uratidza Mwari pamushando – kwete kungotaura, kana kuratidza hunhu, asi kuti kubwinya kwaMwari nokukwana mubasa rako.

Ndinokuropafadza neshamwari dzakanaka. Uve netsvete naMwari nevanhu.

Ndinokuropafadza nerudo runopfachukira, kuti ushumire nyasha dzaMwari's kune vamwe. Uchashumira nyasha dzaMwari dzinonyaradza kune vanhu. wakaropafadzwa, mwana wangu! Wakaropafadzwa nezvose zvamweya muna Kristu Jesu. Amenii!

Huchapupu hwe ropafadzo yababa

Ndakashandurwa neropafadzo yaBaba. Kubva ndaberekwa handisati ndambonzwa shoko rakadaro. Ndanga ndisati ndambonzwa baba

vangu vachitaura kwandiri. Mwari vakakushandisai, Richard, kundisvitsa panzvimbo yokuti ndanamate nokuva nababa pamweya vanotaura ropafadza muhupenyu hwangu. Ukaziva ropafadzo yababa kumwanakomana, moyo wangu wakanyaradzwa zvino ndinofara. – Pastor Wycliffe Alumasa, Kenya

Yakava nzira yakareba kwazvo kubva mudambudziko rekufunganya; zviri kuvazhinji – mupfungwa, Mweya, mumuviri. Kuporesa makare angu zvakare danho huru repamberi raive kuregerera baba vangu – kwete nokuda kwezvvinhu zvinorwadza zvavakaita asi nokuda kwezvavasina kuita – zvavakasiya kuita. Havana kundiudza kuti vanonidid. Vaisava norudo, hanya, mashoko akanaka – sezvo ndaishuvira kumanzwa.

Budikidze nerwendo rwangu rwekuregerera ndakapora mukati kubatikana kwangu kukabva mandiri, ndaive ndine zvinooneka – chikuru chaive mudumbu munomhanya. Ndaive ndapihwa mishonga asi zvaisabatsira hazvo.

Shamwari yangu, Richard, akanga achidziudza pamusoro peropafadzo yababa, nerudaviro rwavanhu. Chimwe chinhu mumweya wangu chakazvibata. Ndakaziva kuti kunyangwe ndakaregera baba vangu, handina kuzadzisa mukaha kana chishuwo chemoyo wangu.

Zvino zvakava seizvi. Rumwe rungwanani ndichidya hangu, Richard akapinda mutsoka dzababa vangu akandiropafadza semwanakomana. Mweya Mutsvene akava pamusoro pangu kwezuya rose. Ndakanzwa zvakanaka maringe nerugare mumoyo wangu.

Chimwe chinhu ndechekuti mudumbu mangu makabva mapora. Mishonga yose nechikafu chadhokotera ndakabva ndasiya. Mweya wangu pawakagamuchira zvandaishaiwa, muviri wangu ukaporeswa. – Ryan

Ropafadza vamwe nekuisa chiprofita

Kunyangwe ndakupai muenzaniso wakawanda kubatsira kutanga, zvakanaka kubvunza Mweya

Mutsvene kuti akubatsire kuve muromo waMwari, kutsinhira nokuisa zvimwe zvinangwa zvaMwari 'shoko renguva' (shoko chairo munguva chaiyo). Kana mamiriro achitendera, mutsa mweya wako nokunamata nendimi.

Unokwanisa kutanga nekushandisa zvakasiyana zviripamusoro, asi vimba Mweya Mutsvene akuraire. Teerera moyo wake. Unogona kungotanga, asi unozobata moyo waShe.

Ropafadza nzvimbo yako yemushando

Dzokera kuchikamu chokutanga washandisa muenzaniso wandakapa, kubva pakuona kwangu, kune mamiriro ako. Zaruka kune zvinoratidzwa naMwari – Anokwanisa kushandura maonero ako. Ropafadzo haasi mapipi. muenzaniso, Mwari havaite kuti vanhu vatengezvavasingade. Kana kuti Mwari vanoropafadza nungo nekusatendeka. Asi ukaita zvavanoda, unobva waropafadza basa rako – nokuti Mwari vanokubatsira kubva pauri kuenda mberi. Teerera kuraira kwake kana vanhu vanotumwa naye. Zaruka. Asi tarira tsvete yake, nokuti anokuda nekuti ubudirire.

Ndakagamuchira huchapupu kubva kuna Ben Fox:

*Basarangu rakasangana neshanduko mundima
yezvivakwa zvinhu zvakanga zvichidzikira pasi.
Ndakange ndaenda kune vanhu vakawanda
kuti vanamatire basa rangu ranga radzikazvo-
kuti ndakanga ndave kunetsekana.*

*Nguva imwe chete muna 2015, ndakanzwa Va
Brunton pamusoro peshoko rekuropafadzo
mabasa, bhindauko, mhuri nenzvimbo. Kusvika
iyo nguva, minamoto yangu yaive yekubvunza
Mwari vandibatsire munzvimbo idzi. Pfungwa
yedu yekutaura ropafadzo ndakanga ndisati
ndaiziswa, asi zvino ndinoona kuti yakan-
yorwa muBhaibheri, ndinoziva kuti Mwari
vanotidana, vakatipa chikuriri, kuti tidaro muz-
ita raJesu. Zvino ndakatanga kuropafadza basa
rangu – kutaura shoko raMwari pamwe neku-
mutenda. Ndakadarika nokuropafadzo basa
rangu mangwanani nekutenda Mwari nebasa
idzva, ndichikumbira kuti vatume vanhu vanon-
dipa mabasa.*

Kwemwedzi gumi nembiri, basa rangu rakawedzera, kubva ipapo, mabasa akandiwandira zvikuru akanga akuuya nzira yangu. Ndakadzidza kuti pane nzira yekupinza Mwari mubasa redu remazuva, nekuropafadzo basa redu. Naizvozvo ndinopa mbiri yose kuna Mwari. Ndakatanga kukoka Mweya Mutsvene mubasa rangu zuva rega, ndichibvunza pfungwa dzezivo. Kunyanya, ndakaona kuti pandinobvunza Mweya Mutsvene kuti andibat-sire pabasa, ndinopedza zvakanaka nenguva.

Zvinoratidza kwandiri sokuti dzidziso yeropafadzo, nemaitiro ako, yakanganwikwa navazhinji mumakereke, semamwe maKristu andinotaura nawo. Kuropafadzo basa rangu zvava zvezazuva ose, sekuropafadzo vamwe. Ndine tarisiro yekuona zvizereko muvanhu nezvinhu zvandinoropafadza zviri mushoko raMwari muzita raJesu.

Kuropafadza dunhu

Ndiri kufunga nezve kereke – kana rimwe boka – kuropafadza mudunhu mavari.

Vanhu ve (mudunhu), tinokuropa-fadzayi muzita raJesu kuti muzive Mwari, kuziva zvinangwa Zvake nehupenyu hwenyu, nekuziva ropafadzo Rake kune mumwe nomumwe, mhuri dzenyu nemamiriro ehupenyu hwenyu.

Tinoropafadza imba yose iri (mudunhu). Tinoropafadza wanano yese nekuropafadza hukama mumhuri dzose dzem-azera ose.

Tinoropafadza hutano nepfuma yenyu.

*Tinoropafadza mishando yemaoko enyu.
Tinoropafadza zvose zvamunobata muve munomudirira.*

*Tinoropafadza vana muzvikoro; tinovaropa-fadza kuti vadzidze nokubata zvidzidzwa.
Vakure pazivo nekuna Mwari zvakare nav-*

anhu. Tinoropafadza vadzidzisi nechikoro kuti chichengetedzeke zvakanaka munzvimbo dzose, kuti kutenda muna Mwari kudzidziswe mune zvakanaka.

Tinotaura kumoyo yevanhu vose vari mudunhu rino. tinovaropafadza kuti vadaire kudana kwaMweya Mutsvene zvakare kuinzwi raMwari. Tinovaropafadza nekupfachikira kweHumambo hwedenga hwatinonzwa pano (kereke).

Zvichireva kuti ropafadzo iyi inofanira kunge iri yerimwe dunhu. Kana vari varimi, unokwanisa kuropafadza nyika nemhuka; idunhu risina mabasa, wobva waropafadza mabhindauko ave nema-basa. Ropafadzo rive kune vanorida. Usanetsekane pamusoro pekuti vanorida kana kuti kwete! Vanhu vanonzwa mumoyo yavo kuti ropafadzo yabva kupi.

Kuropafadzo nyika

Muna Genesisi, tinoona Mwari vachiropafadzo vanhu, vachivapa chikuriri panyika nezvose zvino-

rarama, vachivararira kuti vabereke. Ndiwo mavambo ekubwinya kwevanhu.

Pandaive kuKenya, ndakasangana nemumishinari anatora vana vemumigwagwa achivadzdzisa kurima. Akandiudza nezve machawa vaifunga kuti dunhu ravo rakatukwa, nokuti hapana chirimwa chaibuda. Shamwari yangu nemamwe maKristu vakaropafadza dunhu rikaunza zvibereko. Kwaive kuratidzwa kwesimba raMwari reropafadzo.

Ndiri muKenya, ndakafamba kwaichengetwa nherera nekereke yedu, ndikaropafadza bindu ravo, huku nemombe dzavo. (Ndakaropafadza michero yangu zvakare.)

Geoff Wiklund anotaura nyaya yekereke kuFiripi yakaropafadza chikamu chenyika pakati nekushaiwa mvura. Nzvimbo yavo ndiyo chete yakagamuchira mvura. Vavakidzani vakauya kuzochera mvura yemi-punga yavo kubva mumakoronga ari pakereke. Ndiwo mumwe munana wakitwa netsvete yaMwari apo ropafadzo raiswa.

Kuropafadza Ishe

Kunyangwe ndazviita pekuguma, ndezvekutanga. Chikonzero ndaisa pokupedzesera, zvakadaro inyaya yokuti hazvitaure chinangwa chakanaka kana tsvete yaMwari pamusoro pemumwe kana chinhu. Zvakadaro, ipfungwa 'yokuva nomufaro'.

Tinoropafadza sei Mwari? Nzira imwe chete Mapisarema 103:

Ropafadza Ishe moyo wangu ... usakanganwe mikomborero yake...

Mikomborero ipi kumoyo yedu? Anotiregerera, poresa, dzikinura, shongedza, kugutsa, kuvandudza...

Ndinozviita nguva dzose kurangarira kutenda Mwari mazuva ose nokuda kwezvavanoita budikdze neni. Ndinorangarira nokutenda zvose Zvaari kwandiri. Izvi zvinomuropafadza, neniwo zvakare! Unonzwa sei kana mwana wako achitenda zvawaita kana kutaura? Zvinodakadza moyo wako woda zvakawanda.

Shoko rekuguma kubva kumuverengi

Zvakaoma kutsanangudza kuti ropafadzo yakashandura hupenyu hwangu. Mukuona kwangu kushoma, hapana munhu akaramba ropafadzo yandakapa – ndakawana mukana kuropafadza muchawa. Kupa mupiro wemunamato kunozarura suwo ... zvakareruka, kuunza Humambo hwaMwari pamamiriro, muhupenyu hwemunhu. kwandiri, kukwanisa kuropafadzo kwawedzera chombo chakakosha chemweya... zvaita sokuti chikamu chehupenyu hwangu chadzoswa... – Sandi

ZVINOITWA

- Funga mumwe munhu akakurwadzisa – muregerere, asi darika kumuropafadza.
- Tarisa zvimwe zvinhu zvaunoita uchizvituka kana vamwe. Uchaita sei nazvo?
- Nyra ropafadzo kwauri, mudiwa wako, zvakare vana vako.
- Sangana nemumwe mumwe utaure chiprofitu pamusoro pavo. Bvunza Mwari zaruro yechimwe chinhu nekukurudzira mumwe munhu. Tanga nokutaura zvakareruka, sokuti, 'ndinokuropafadza muzita raJesu. Hurongwa hwaMwari nezvinangwa zvehupenyu hwako zvivepo...' womira. Rangarira kuti une pfungwa dzaKristu. Wobva washanduka. Wotendera kuti mumwe munhu akuropafadze.

- Mukereke menyu, wumbayi chikwata cheopafadzo chibate nekuporesa nzvimbo, kana kuropafadza hushumiri huripo kare.

KUVA MUKRISTU

Bhuku rino diki rakanyorerwa maKristu. Nema 'Kristu', handisi kungotaura vanhu vanorarama hupenyu hwakanaka. Ndinoreva vanhu 'vakaberekwa rutsva' neMweya waMwari vanoda nokutevera Jesu Kristu.

Vanhu Vanhu vari pahutatu: mweya, mwoyo and muviri. Bato remweya rakagadzirirwa kuziva noku- taura naMwari anoyera, anova Mweya. Vanhu vakagadzirwa kuva pedyo naMwari, mweya kuMweya.

Zvakadaro, chivi chemunhu chakatitsaura, zvikaita kuti pave norufu rwemweya wedu nekuwadzana naMwari. Zvimwe zvo, vanhu vanongoshanda vari mumwoyo nemuviri chete. Mwoyo une pfungwa, zvinoda nekunzwa. Mhinduro dzacho zvinova zvenyika: humbimbindoga, kuzvida, makaro, nzara, hondo, nokushaiwa rugare.

Asi Mwari vaive nehurongwa hwekudzikinura vanhu. Mwari Baba vakatuma Mwanakomana Wavo, Jesu, anova zvakare Mwari, kuuya pachinya kuzotiratidza zvakaita Mwari – *'kana mandiona maona Baba'* – zvakare kutakura zvivi zvedu. Rufu rwake rwe-muchinjikwa ranga rakarongwa kubva pakutanga nokutaurwa muTestamende Yakare. Akaripa muripo wavanhu. Kururama kwedenga kwakazadziswa.

Asi zvino Mwari vakamutsa Jesu kubva kuvakafa. Jesu vakavimbisa kuti avo vanotenda Maari vachamutswa kuti vave Naye nokusingaperi. Vanotipa Mweya *zvino*, sevimbiso, kuti timuzive nokufamba Naye muhupenyu hwedu.

Saka zvino tine donzvo rehushumiri hwaJesu Kristu. Ukazivisa nokupupura chivi chako, ukatenda kuti Jesu vakatakura kutukwa kwako pamuchinjikwa nokumuka kubva kuvakafa, zvino kururama Kwako kunova kwauri. Mwari vanotuma Mweya Wavo Mutsvene kusika rutsva mweya wako – ndizvo zvinoreva kuberekwa rutsva zvakare unobva watanga kuziva nekuwadzana naMwari – ndizvo zvawakasikirwa pakutanga! Kana nyama yako yafa,

Kristu vanokumutsa vokupa muviri une kubwinya, usingawori. Wow!

Panguva yaunodarika panyika pano, Mweya Mutsvene (anova Mwari) vanoshanda mauri (kukuchenesa nekukuita zvimwe chete naJesu pahunhu hwako) *budikidze* newe (kuve ropafadzo kune vamwe).

Avo vanosarudza kusagamuchira zvakaripirwa naJesu vanosangana nemutongo wacho. Haudi zvakadaro.

Munamato waunokwanisa kuita. Ukanyengerera nokurevesa unoberekwa rutsva.

Vanodiwa Mwari kudenga, ndinouya kwamuri muzita raJesu. Ndinozivisa kwamuri kuti ndiri mutadzi. (pupura zvivi zvako zvose.) ndine hurombo nezvivi zvangu zvose nehupenyu hwandairarama pasina imi zvakare ndinoda ruregerero rwenyu.

Ndinotenda kuti Mwanakomana Wenyu oga, Jesu Kristu, akadewura ropa pamuchinjikwa

*nokufira zvivi zvangu, zvino ndava kuda kusiya
zvivi.*

*Makataura muBhaibheri (VaRoma 10:9) tika-
tenda kuti Jesu ndiShe nokutenda mumoyo
yedu kuti Mwari vakamumutsa kuvakafa,
tichaponeswa.*

*Iko zvino ndinopupura Jesu salshe wemoyo
wangu. Ndinotenda kuti Mwari vakamutsa Jesu
kubva kuvakafa. Nguva ino ndinogamuchira
Jesu Kristu sa Ishe naMuponesi wangu, maringe
neShoko, iko zvino ndaponeswa. Ndinotenda,
Ishe, nokundida zvikuru Mukandifira. Munoshamisa, Jesu, zvakare ndinokudai.*

*Iko zvino ndinokumbira mundibatsire naMw-
eya kuva munhu Wamaida kubva nguva isati
yavapo. Nditungamirei kune vamwe vateveri
nekereke yesarudzo Yenyu kuti ndikure maMuri.
Muzita raJesu, ameni.*

Ndinotenda nekuvereng bhuku.
Ndinoda kugamuchira huchapupu hwako
hwekuti ropafadzo yashandura hupenyu
hwako, kana hupenyu
hwevanhu vawakaropafadza.
Ndibate apo:

richard.brunton134@gmail.com

Ropafadzo kutaura chinangwa chaMwari neTsete Yavo pamusoro pemumwe munhu kana mamiriro.

Panguva yatinozviita mukutenda, tinomutsa simba raMwari (nesuwo zvakare), kana mamiriro, kubva patiri kusvika patinodiwa naMwari.

muKristu wese ane Chikuriri nesimba reropafadza vamwe muzita ralshe nekuona hupenyu nemamiriro achishandurwa. Simba reropafadzo nderedenga; rinova huvepo nebasa raMweya Mutsvene, kuunza mufaro, rugare, kubudirira nezvibereko; nekuunza hutano, budiriro nekuchengetedzwa.

Mubhuku rinodiki, uchaona kuti ropafadzo inoshanda nokuti ucharopafadza vanokutuka nokukutsamwisa; nokuti unoropafadza mudiwa wako, vana vako, imba yako zvese newe; nokuropafadza nzvimbo yako yemushando, Nyika yako pamwe nedunhu rako naMwari zvakare.

Unogona kushandura nyika yako.